

KESYON YO POZE SOUVAN:

Asirans pou Manje Gate

sou Kontra Asirans Pwopriyetè Kay ou

**PLAN
PREPARE
PROTECT**

Are You Disaster Ready?

"Èske konpayi asirans mwen an pral remèt mwen
kòb pou manje gate m yo?"

Youn nan rezilta san atann yon dezast oubyen blakawout ka bay se manje ki jele ak manje ki nan frijidè ki kapab gate. Anndan an se repons a tout kesyon yo poze souvan yo sou pwoteksyon pou manje ki gate.

FLORIDA'S INSURANCE CONSUMER
ADVOCATE
FLORIDA DEPARTMENT OF FINANCIAL SERVICES

Tasha Carter



Kisa asirans pou manje gate a ye menm?

Si li nan kontra a oubyen yo ajoute l nan kontra a, pwoteksyon pou manje ki gate bay garanti sou manje ki jele ak manje ki nan frijidè ki gate pandan blakawout Pi souvan ke sa, pou yo aplike pwoteksyon, fòk sa ki koz blakawout la sou garanti ki anba kontra asirans pwopriyetè kay la oubyen sa ki koz blakawout la fèt sou pwopriyete akoz de danje ki sou garanti ou la.



Ki garanti yo bay nòmalmman pou manje gate?

Garanti ki pi komen yo bay yo bay pou manje gate sou kontra asirans pou pwopriyetè kay soti nan 500 dola pou rive 2,500 dola men, limit sa ka varye parapò a konpayi a. Li pi bon pou verifye garanti pou manje gate ak ajan asirans ou a oubyen konpayi asirans ou a. Tanpri sonje, w ap gen plis chans kontre franchiz asirans pwopriyetè kay ou anvan konpayi asirans ou a peye pou nenpòt manje gate. Anplis, limit garanti a bay pou manje gate nòmalmman pi ba ke pi plis franchiz asirans pwopriyetè kay yo.



Èske kontra asirans pwopriyetè kay la gen asirans pou manje ki gate?

Kèk, men se pa tout, kontra asirans pou pwopriyetè kay yo gen kèk kontra asirans pou manje ki jele epi ki nan frijidè. Men, kontra yo varye de yon konpayi a yon lòt. alò li enpòtan pou tcheke ak ajans asirans ou a pou verifye si kontra ou genyen asirans pou manje ki gate. Si kontra ou la pa kouvri manje ki gate, ou sipoze mande pou yo ajoute tip pwoteksyon sa nan kontra ou la.

Anpil fwa, pou yo aplike pwoteksyon, fòk sa ki koz blakawout la sou garanti ki anba kontra asirans pwopriyetè kay la oubyen sa ki koz blakawout la rive sou pwopriyete ou la ki sou pwoteksyon danje. Men, kòm prim anplis, gen kèk konpayi asirans ki bay garanti pou manje ki gate akoz blakawout, menm si se te yon danje ki pat sou garanti nan kontra ou la ki koz blakawout la. Genyen plizyè varyab ki depann sou si kontra asirans pwopriyetè kay ou a bay garanti sou manje gate, alò li pi bon pou pa fè sipozisyon oubyen mete yon bagay nan tèt ou sou pwoteksyon pou manje ki gate. Tanpri verifye ak ajans asirans ou a oubyen konpayi asirans ou a pou wè si kontra ou la genyen pwoteksyon pou manje gate, oubyen si li ofri lòt garanti anplis oubyen si garanti pou manje gate ogmante.



Èske y ap aplike franchiz asirans pwopriyetè kay la anvan mwen resevwa garanti pou manje gate a?

Nan ka ki rive pi plis yo, wi, w ap bezwen kontre ak franchiz asirans pwopriyetè kay ou anvan konpayi asirans ou a peye pou garanti pou manje gate a. Men, se pa tout konpayi asirans k ap aplike franchiz asirans pou pwopriyetè kay pou garanti manje gate, alò, asire w ke ou verifye ak ajan asirans ou a oubyen konpayi asirans ou a sou si kontra patikilye ou la mande w pou kontre ak franchiz asirans pwopriyetè kay ou anvan ou resevwa pèman pou reklamasyon manje gate a.

Si franchiz asirans pwopriyetè kay ou a pa aplikab, genyen de prensipal kalite tip franchiz asirans pwopriyetè kay, 'franchiz pou tout lòt pèdisyon' an ak franchiz pou siklòn'. Si se siklòn ki koz manje ou gate, genyen chans pou y ap aplike franchiz pou siklòn nan. Si se yon kout zeklè nan yon loray pa egzanzp, 'franchiz pou tout lòt pèdisyon' ap gen plis chans pou yo aplike l.

Li enpòtan pou konnen si ou sipoze respekte valè franchiz asirans pwopriyetè kay ou a anvan konpayi asirans ou a bay garanti pou manje gate.



Kilè yo garanti manje gate pou kontra asirans pwopriyetè kay?

Yo ka garanti manje gate yo anba kontra asirans pwopriyetè kay la si se yon pyebwa ki tonbe ki koz blakawout la, epi pyebwa ki tonbe a te sou pwopriyete ou la. Si kouran lakay ou koupe akòz yon pèt ki garanti, tankou yon siklòn ak non li, oubyen yon tanpèt, lè sa kontra pwopriyetè kay ou kapab kouvri manje gate tou. Kout zèkle yo se yon lòt danje komen kontra asirans pwopriyetè yo garanti. Si kout zèklè yo tonbe sou kay yo epi koupe kouran lakay ou, kontra asirans pwopriyetè kay yo kapab kouvri manje gate nan ka sa, tou. Oubyen petèt, yon siklòn kreye yon twou sou do kay epi dlo antre lakay ou atravè yon twou epi lakoz kouran lakay ou koupe. Asirans pwopriyetè kay ou kapab bay garanti manje gate pou ensidan sa a tou.



Kilè yo pap bay garanti manjgate pou kontra asirans pwopriyetè kay?

Si kouran lakay ou koupe paske ou pat peye bil ou oubyen pwoblèm sèvis, oubyen akòz yon blakawout nan zòn ou paske yon pwoblèm fil kouran, oubyen paske frijidè/frizè ou sispann travay, kontra asirans pwopriyetè kay ou kapab bay garanti pou manje gate.

Kontra asirans pwopriyetè kay ou kapab pa garanti blakawout akòz inondasyon paske pi fò kontra asirans pwopriyè kay yo pa kouvri domaj inondasyon fè.

Souvan, amwens ke ou genyen opsyon pou achte pwoteksyon anplis pou manje gate nan konpayi asirans ou a, kontra asirans pwopriyetè kay ou a pap kouvri manje gate lè se domaj ki koz blakawout ki pa sou pwopriyete ou. Pa egzanp, vwazen ou koupe pyebwa devan lakou lakay ou epi pyebwa a tonbe sou fil kouran ki nan katye la epi koupe kouran lakay ou ak katye a. Depi domaj ki fèt nan fil kouran an rive nan pwopriyete ki nan katye ou la epi danje ai pat gen pwoteksyon nan kontra asirans pwopriyetè kay ou a, kontra pwopriyè kay kapab pa kouvri deklarasyon manje gate ou a.

Ki enfòmasyon mwen ka bezwen pou m fè yon deklarasyon pou manje gate?

Pran foto manje gate ou ou yo anvan w al jete yo. Sa ap ede w bay yon lis egzat sou kalite manje ke ou te pèdi epi li ede ou bay prèv tou sou manje ki te gate pandan blakawout la.

Anplis, si ou genyen papye resi pou nenpòt pwodui ki te gate, espesyalman manje ki pi chè yo, lè w bay konpayo asirans ou an papye resi sa yo sa ap ede yo fè pwosesis reklamasyon ou lan pi egzat epi bay ou valè dedonmajman ki apwopriye.

Verifye ak ajans asirans ou a oubyen konpayi asirans ou a si kontra ou la genyen pwoteksyon pou manje ki gate.



PLAN PREPARE PROTECT

Are You Disaster Ready?

www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA/PlanPrepareProtect

850.413.5923

  @YourFLVoice

YourFLVoice@MyFloridaCFO.com

FLORIDA'S INSURANCE CONSUMER
ADVOCATE
FLORIDA DEPARTMENT OF FINANCIAL SERVICES

Tasha Carter